दिन–रविवार दिनांक–16.11.2025

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

राज्य मे एनडीएक नेतृत्ववला नव सरकारक गठन कँ लऽकऽ गतिविधि सभ तेज भऽ गेल अछि। भाजपाक वरिष्ठ नेता आ केन्द्रीय गृह–राज्य मंत्री नित्यानंद राय, उपमुख्यमंत्री विजय कुमार सिन्हा, राष्ट्रीय लोक मोर्चाक अध्यक्ष उपेन्द्र कुशवाहा आइ नीतीश कुमार सँ पटना मे मुख्यमंत्री आवास पर भेंट कयलनि।

एनडीएक घटक दल हिन्दुस्तानी आवाम मोर्चा सेक्यूलरक विधायक दलक बैसार मे आइ सिकंदरा सीट सँ नव निर्वाचित विधायक प्रफुल्ल मांझी कँ विधायक दलक नेता चुनल गेल अछि। जनता दल यूनाईटेड अपन सभटा पचासी नव निर्वाचित विधायक सभकँ आइ पटना बजौलक अछि। जदयूक विधायक दलक बैसार मे मुख्यमंत्री नीतीश कुमार के विधायक दलक नेता चुनल जयबाक संभावना अछि।

ओतहि, भाजपा विधायक दलक बैसार काल्हि बजाओल गेल अछि। घटक दल सभक द्वारा अलग–अलग बैसार सभ मे विधायक दलक नेता चुनल जयबाक बाद, सभटा दू सय दू नव निर्वाचित विधायक सभक बैसार मे एनडीएक विधायक दलक नव नेता चुनल जायत। एकर पश्चात सरकार गठनक दावा आओर विधायक सभक समर्थनक पत्र राज्यपालक समक्ष पेश कयल जायत।

---

अठारहम विधानसभाक गठनक अधिसूचना जारी कऽ देल गेल अछि। बिहारक मुख्य निर्वाचन पदाधिकारी विनोद सिंह गुंजियाल, सभटा दू सय तैंतालीस निर्वाची सदस्य सभक सूची आइ राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खां के सौंपि देलनि। एहि अवसर पर राजभवन मे निर्वाचन आयोगक प्रधान सचिव अरविन्द आनंद, अपर मुख्य निर्वाचन पदाधिकारी अमित पाण्डेय, प्रशांत कुमार सीएच समेत कतेको वरिष्ठ अधिकारी मौजूद छलाह। एकर संगहि, राज्य मे चुनावक घोषणाक संग लागू आदर्श आचार संहिता सेहो समाप्त भऽ गेल।

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमारक अध्यक्षता मे काल्हि मौजूदा सरकारक मंत्रिमंडल केर अंतिम बैसार होयत। बैसार मे मौजूदा मंत्रिमंडल के भंग करबाक सिफारिश कयल जायत, एकर पश्चात राज्य मे नव सरकारक गठनक लेल मार्ग प्रशस्त होयत। एम्हर राष्ट्रीय जनता दलक नव निर्वाचित विधायक सभक बैसार सेहो काल्हि पटना मे होयत। बैसारक अध्यक्षता तेजस्वी यादव करताह।

———————————————————————————

रालोमोक राष्ट्रीय अध्यक्ष उपेन्द्र कुशवाहा आइ पटना मे मुख्यमंत्री नीतीश कुमार सँ हुनक आवास पर भेंट कयलनि। श्री कुशवाहा भेंटक बाद संवाददाता लोकनि सँ बातचीत करैत कहलनि जे नव सरकार बनयबाक औपचारिकता अविलंब पूरा कयल जायत। ओ कहलनि जे मुख्यमंत्री कँ लऽकऽ कोनो अगर–मगर नहि, नीतीश कुमार मुख्यमंत्री छलथि आओर रहताह।

———————————————————————————

लोक जनशक्ति पार्टी रामविलासक प्रमुख आओर केन्द्रीय मंत्री चिराग पासवान आइ श्रीहरिमंदिर पटना साहिब मे हाजिरी लगौलनि आओर माथा टेकलनि। श्री पासवान संवाददाता लोकनि सँ बातचीक दरमियान कहलनि जे गुरुमहाराजक आर्शीवाद सँ हुनका, हुनक परिवार आओर पार्टी कँ एत्तेक खुशी भेटल अछि। ओ कहलनि जे ओ एकर धन्वाद देबाक लेल गुरुघर आयल छथि।

———————————————————————————

विधानसभा चुनाव मे करारी हारक बाद राजद मे आंतरिक मतभेद खुलि कऽ सामने आबि रहल अछि। पार्टीक नेता आओर पूर्वी मुख्यमंत्री लालू प्रसादक बेटी रोहिणी आचार्य नाराजगी व्यक्त करैत पार्टी छोड़बाक घोषणा कयलनि अछि। सोशल मीडिया एक्स पर अपन कतेको पोस्टक माध्यम सँ ओ चुनावक दरमियान पार्टीक निर्णय सभ पर सवाल उठबैत दल आओर परिवार सँ सभटा संबंध तोड़बाक बात कहलनि अछि। बाद मे संवाददाता सभसँ बातचीतक दरमियान ओ कहलनि जे पार्टीक करारी हारक लेल प्रश्न पूछला पर कार्यकर्त्ता सभकँ अपमानित कयल जा रहल अछि। ओ कहलनि जे स्वयं ओ जखन ई सवाल उठौलनि तऽ तेजस्वी यादवक सलाहकार संजय यादव आओर रमीज खान हुनका धमकी देलनि।

—————————————————————————————————————

भाजपाक वरिष्ठ नेता सैयद शहनवाज हुसैन राजद मे मचल कलह कँ दुखद बतौलनि अछि। श्री हुसैन दिल्ली मे संवाददाता सभसँ बातचीतक दरमियान कहलनि जे राजद प्रमुख लालू प्रसादक बेटी रोहिणी आचार्य कँ राजनीति छोडबाक निर्णय राजदक पारिवारिक मामिला अछि। ओ कहलनि जे राजद पहिने सेहो तेजप्रताप यादव कँ पार्टी आओर परिवार सँ अलग कएने छल। आब यैह कथा रोहिणी आचार्यक संग दोहराओल जा रहल अछि, जे अत्यंत दुखद अछि।

—————————————————————————————————————

आइ देश भरि मे राष्ट्रीय प्रेस दिवस मनाओल जा रहल अछि। ई दिवस देशक लोकतंत्र कँ सशक्त बनयबा मे एकटा स्वतंत्र, जिम्मेदार आओर नीतिपरक प्रेसक भूमिकाक पुष्टि करैत अछि। आजुके दिन भारतीय प्रेस परिषदक स्थापना भेल छल।

—————————————————————————————————————

समाप्त